**O’ZBEKSTAN RESPUBLİKASI JOQARI HA’M ORTA ARNAWLI BİLİM BERİW MİNİSTRLİGİ**

**BERDAQ ATINDAG’I QARAQALPAQ MA’MLEKETLİK UNİVERSİTETİ**

**Tema:** “Bozug’lan”  da’stani

# KURS JUMISI

**Or?nlag’an:** **Turd?muratova.Q**

**Qab?llag’an:** **Nizamatdinov.J**

**N O’ K İ S - 2014**

**Jobasi:**

**Kirisiw**

**Tiykarg’i bo’lim**

I bap. “ Bozug’lan” da’staninin’ ideya - tematikasi ha’m syujetlik wo’zgesheligi

1.1. “ Bozug’lan” da’staninin’ basqa da’stanlar menen uqsaslig’i

1.2. Da’standa motivlerdin’ qollaniliwi

II bap. “Bozug’lan” da’staninin’ obrazlar du’nyasina sipatlama

2.1. Qaharmanlar portretin jaratiwda ko’rkem su’wretlew qurallarinin’ roli

**Juwmaqlaw**

**Paydalanilg’an a’debiyatlar**

# Kirisiw

**Temanin' aktuallig'i.** Da'stanlar xalqimizdin' a'sirler dawaminda do'retilip, a'wladtan - a'wladqa wo'tip kiyatirg'an bay tariyxiy miyraslarinan biri bolip tabiladi. Wolar xaliqtin' pu'tin bir ta'g'dirin, du'nyaqarasin, u'rip-a'det ha'm da'stu'rlerin wo'z ishine qamtiydi. Bu'gingi ku'nge shekem wolardi basip shig'ariw, arnawli tu'rde u'yrenip shig'iw ha'm ha'r birinin' syujetlik qurilisin,ideya-tematikasin izertlep shig'iw arnawli tu'rde qolg'a alinbadi. Tek ga'na ayirim iri ko'lemdegi "Qirq qiz","Alpamis", "Yedige", "Go'rug'li", "Yer Shora" da'stanlari boyinsha tipologiyaliq izertlew jumisi alip barilg'an. Al ayirim da'stanlar yele toliq tu'rde arnawli izertlep shig'ilmadi. Sonin' ishinde "Bozug'lan" da'staninin' syujeti, ideya-tematikasi, obrazlar du'nyasi, basqa da'stanlardan wo'zgeshelik ha'm uqsasliq ta'repleri , motivlik da'stu'rlerdin' qollaniliwi siyaqli ma'selelerdi teren'nen u'yrenip shig'iw bu'gingi folkloristika iliminin' aldindinda turg'an aktual ma'selelerden biri bolip tabiladi. Sonliqtan, biz bul kurs jumisimizda "Bozug'lan" da'stanindag'i joqarida aytilg'an belgilerdi u'yrenip shig'amiz.

**Izertlew obiekti ha'm predmeti.** Biz jumisimizda "Bozug'lan" da'stanin tiykarg'i izertlew obiekti sipatinda tan'lap aldiq.

Izertlew barisinda da'stannin' syujeti, kompoziciyasin,obrazlar du'nyasin, basqa da'stanlar menen uqsasliq ta'repleri ha'm wo'zgesheligin izertlew predmeti sipatinda u'yrenip shig'amiz.

**Izertlewdin' maqset ha'm waziypasi.** "Bozug'lan" da'staninin' kompoziciyaliq qurilisin u'yreniwdegi maqsetler yen' birinshi na'wbette janrin aniqlaw, basli ideyasi nege bag'darlang'anlig'in, da'stan syujetinde mifologiyaliq, a'psanaliq motivlik usillardan qollaniliwin, basqa da'stanlar menen ideyaliq uqsasliq ta'replerin, ko'rkemlik du'nyasin aship beriw. Bul maqsetlerdi worinlaw ushin to'mendegi bir qatar waziypalardi a'melge asiramiz:

- da'stannin' ko'rkem teksti ha'm syujeti menen tanisip shig'iw;
- da'stannin' basli ideyasin aniqlaw;
- obrazlarg'a ko'rkemlik jaqtan sipatlama beriw;
- da'stan qurilisindag'i ko'rkemlik usillardi tabiw.

**Temanin' izertleniliw barisi.** Qaraqalpaq a'debiyatinda, sonin' ishinde folkloristika iliminde "Bozug'lan" da'stani kompoziciyasi boyinsha yele arnawli izertlew jumislari alip barilg'ani joq.

**Temanin' a'meliy a'hmiyet.** " Bozug'lan" da'staninin' ideya-tematikasi, kompozitsiyasi boyinsha izertlengen bul kurs jumisimiz keleshekte ilimiy jumislar, magistrlik jumisin jaziwda tayarliq xizmetin atqaradi.

**Jumistin' metodologiyasi.** Biz o'z jumisimizdi jaziw barisinda Q.Maqsetov, Q.Ayimbetov, K.Allambergenov ,I.Sagitov, J.Eshniyazovlardin' a'debiy – teoriyaliq miynetlerine su'yenemiz.

# I bap. «Bozug'lan" da'staninin' ideya-tematikasi ha'm syujetlik wo'zgesheligi

Qaraqalpaq xalqi awizeki poetikaliq do'retpele'rge, sonin' ishinde xaliq da'stanlarina wog'ada bay. Xalqimiz neshe a'sirler dawaminda wo'zlerinin' turmisin, ku'n ko'ris jag'dayin ,arziw-umtilislarin ,qayg'i-ha'siretin wo'zleri do'retken tvorchestvoliq shig'armalarinda sa'wlelendirip wotirg'an. Ayriqsha bul na'rse xaliq da'stanlarinda ayqin ko'zge taslanadi. Folkloristikanin' payda boliwi ha'm qa'liplesiwi dawaminda eposlardin' tutqan worni ayriqsha. A'sirese,wolar bay tariyxiy miyraslarimiz sipatinda a'wladtan-a'wladqa wo'tip kelmekte. Bunda ayriqsha baqsi-jirawlardin' xizmetleri de sheksiz. Usinday da'stanlardin' biri "Bozug'lan" da'stani bolip tabiladi. Ol en' birinshi ma'rte "Qaraqalpaq folklori" ko'p tomlig'inin' XIX tominda ja'riyalang'an. Al, ha'zirgi basilip shiqqan " Qaraqalpaq folklori" nda bolsa ol XVII tominda jariq ko'rdi. Da'stannin' negizi Bozug'lannin' batirlig'in, onin' eli, su'ygen yari ushin alip barg'an gu'reslerin su'wretlewden ibarat. Da'stannin' basli ideyasi da el arasindag'i awizbirshilikti saqlawg'a, eki el ortasindag'i dushpanliq, jawgershilikti saplastiriwg'a qaratilg'an.

Folklorist I.Sagitov qaraqalpaq da'stanlarin o'zinin' su'wretlew da'wirine qaray eki da'wirge ajiratip ko'rsetedi:

1. Nog'ayli da'wiri waqiyalarin su'wretlewshi da'stanlar
2. Xorezm da'wiri waqiyalarina arnalg'an da'stanlar

" Bozug'lan" da'staninin' syujeti mine usi eki topardin' da'slepkisine, yag'niy nog'ayli da'wirindegi waqiyalarg'a qurilg'an. Bul ha'r bir da'standa ushirasatug'in da'stu'rli usillardan biri bolip tabiladi. Janrliq jaqtan oni turmisliq da'stanlar qatarina kirgizsek boladi. O'ytkeni, onda Bozug'lannin' batirlig'i haqqinda bayan etiliw menen bir qatarda, ashiqliq ma'seleleri de so'z etiledi. Sonliqtan, oni tikkeley qaharmanliq da'stanlar qatarina jatqara almaymiz.

Da'stannin' kompozitsiyasi uliwma qaharmanliq epos ushin xarakterli bolg'an traditsiyaliq stilde qurilg'an. Da'standa waqiya bolajaq batirdin' ata-anasi Da'rwish bay menen kempirinin' bay ekenligin ta'riyplewden, a'wliye qoymay tu'nep, bir tirnaqqa zar bolip otirg'an jag'dayinan baslanadi. Da'rwish bay qanshadan – qansha mal – du'nyasi bolsa da, biraq ul – qizi joq

boladi. Da’rwish bay perzentsiz bolg’anliqtan Babaxannan ko’p azap – aqiret ko’redi. Bul jerde bayliq penen perzentsizlikti bir - birine qarama – qarsi qoyiwdin’ wo’zinin’ belgili bir ma’nisi bar: adam qanshelli bay bolsa da, biraq balasiz bolsa, onday adam baxitsiz adam, ol basqalarda xorliq – azap ko’re beredi dep perzentsizdin’ qayg’ili halin bildiriwdi ko’zde tutadi.

Bunnan keyin bay menen kempiri mal – du’nyasin taslap, qudaydan bala tilep, a’wliyelerdi gezedi. Bul jag’day da’standa bilay su’wretlenedi:

A’ne, o’tken a’yyem zamaninda,nog’aydin’ xalqinda, Babaxan patshanin’ jurtinda Da’rwish bay degen bay bar edi. Jasi alpisqa kelgenshe bir perzentke na’zeri tu’spedi. – Egasiz du’nyani jiynap neteyin, etek – jen’imdi kesip qa’lender bolip keteyin, alla taaladan bir pa’rzent talap eteyin,- dep a’wliye izlep kete berdi. ( 213- bet)

Aqirinda tilegi qabil bolip perzentli boladi. Da’stannin’ kompozitsiyasinin’ usilayinsha baslaniwi, bolajaq batirdin’ ka’ramatli tuwiliwi - bul basqa da ko’p da’stanlarda gazlesetug’in traditsiyali motiv bolip tabiladi. Ay jarilqap ul tuwip, erni salpi bolg’ani ushin balanin’ atin Bozug’lan dep qoyadi, al qizina Qarlig’ashayim dep ism qoyadi. Bala jeti jasina, qiz to’rt jasina kelgende ata – anasi qazalanip, olardin’ mal – mu’lki Babaxan patshag’a o’tedi. Balalar bir ariq g’unan tayin jeteklep zer – zebil el aralap jolg’a shig’adi. Son’ bir kimsesiz jerge kelip qaladi ha’m sol jerde qonis basadi. Olar er jetip, o’z otawin tikkennen son’ bayag’i Babaxannin’ bir alg’ir qusi Aqtarlan jog’alip qaliwi sebepli onin’ adamlari bul jerge kelip qaladi ha’m qizdin’ ta’riypin patshag’a jetkeredi. Olar xannin’ atinan jawshi bolip keledi. Biraq, Bozug’lan olardi aldina salip quwip saladi. Xan oni hiyle joli menen Qarako’l jerindegi Ko’bikli da’wge Bozug’landi urisqa jiberedi. Degen menen, batir ol jerden aman – saw keledi. Bul waqiyalardan son’ da’stan ekinshi bir ha’diyseni - Go’hiqap qalasindag’i Aranay patshanin’ qizi Sholpanay menen Bozug’lannin’ birin - birin su’yip qaliwi, olardin’ min’ qiyinshiliqlar menen ko’risiwi, bunin’ ushin Bulit da’w menen gu’reske tu’siwi siyaqli bir qatar qiziqli waqiyalar su’wretlenedi.

Da’stannin’ bayanlaniw tili ha’m syujetlik jelisi basqa da’stanlardan derlik pariq qilmaydi. Da’stan qara so’z ha’m qosiq qatarlarinan ibarat.

## 1.1. “ Bozug’lan” da’staninin’ basqa da’stanlar menen uqsaslig’i

Qaraqalpaq folkloristikasinda barliq da’stanlar ideya – tematikaliq jaqtan da, kompozitsiyaliq qurilisi, obrazlar sistemasi jag’inan da bir – birine og’ada uqsas bolip keledi. Sol qatari “Bozug’lan” da’stani da usi sipatqa iye. Da’stan syujetleri “ Alpamis” , “ Qiriqqiz”, “Qoblan” qaharmanliq da’stanlarina ku’ta’ jaqin. A’sirese, da’standag’i waqiyalar “ Alpamis” da’stanin eske tu’siredi. Onda barliq da’stanlardag’i siyaqli biyperzentlik, batirdin’ at tan’lawi, da’wler menen ayqasiwi ha’m usi siyaqli bir qatar motivler qollanilg’an. Bozug’lan a’kesinen qalg’an ariq g’unan taydi a’keden qalg’an bir g’ana miyras sipatinda asirap – abaylaydi. Batirdin’ qarindasi menen ko’p qiyinshiliqlardi basinan keshiriwi , da’wler menen ayqasqa tu’siwi ha’m o’zinin’ ashiq yarin alip qaytiwi siyaqli kompozitsiyaliq elementler “ Qoblan” da’stani ushin da, sonday – aq “Alpamis”, “Ma’spatsha” ja’ne basqa bir qatar da’stanlar ushin uliwmali traditsiyali elementler bolip tabiladi. Biraq, usinday uliwmaliq motivler menen bir qatar “ Bozug’lan” da’staninda basqa da’stanlarg’a qarag’anda bir qatar o’zgeshelikler de bar:

Birinshiden, “ Bozug’lan” basqa bir qatar da’stanlardan ( “ Alpamis”, “Qoblan”) o’zgesheligi “ Bozug’lan” turmisliq da’stanlar qatarina kiredi.

Ekinshiden, “ Bozug’lan” da’staninin’ syujeti basqa da’stanlarg’a uqsasliq ta, ayirmashiliq ta ta’replerine iye. Da’slepki bo’limlerde batirdin’ dushpanlarg’a qarsi gu’resleri, da’wler menen bolg’an ayqaslari so’z etilse, keyingi bo’limlerde ekinshi bir syujetlik liniya patshanin’ qizi Sholpanaydi izlep ketiw waqiyalarin bayanlaydi.

Geypara da’stanlarda batirdin’ baslag’an isin batirdin’ balasi dawam ettiredi. Bul da’standa bunday syujetler joq. Da’stan bayanlaniwi , ko’pshilik syujetlerinde “Alpamis” da’stanina uqsasliqlar ko’p. Da’standa Bozug’lan bir neshe ma’rtebe atlanisqa tu’sip, Qarako’l jerinde Ko’bikli da’w menen, Go’hiqap qalasinda bolsa Bulit da’w menen ayqasqa tu’sedi. Biraq ta, bul atlanislar menen urislar agressiv xarakterdegi basip aliwshiliq urisi emes, al o’z elin jawdan qorg’aw ushin, basqinshi jawdi o’z eline keltirmey qiyratiw ushin, o’z su’yiklisin jaw qolinan aman qutqariw ushin ju’rgizilgen urislar ekenin ko’remiz.

“Bozug’lan” eposinin’ joqarida aytilg’an bir qatar o’zine ta’n o’zgeshelikleri menen bir qatarda da’standa bir qatar qazaq,o’zbek ha’m qaraqalpaq eposlari ushin xarakterli bolg’an uliwmaliq traditsiyali motivler menen uqsasliqlardin’ bar ekenin ko’remiz. Ma’selen, da’stannin’ bas jag’indag’i ko’p waqiyalar basqa ko’p da’stanlardag’ig’a uqsaydi: perzentsiz ata – analar qartayg’anda qudaydan bala tilewi, bir neshe ret atlanislarda da’wlerdi jen’iwi ha’m basqa.

## 1.3. Da’standa motivlerdin’ qollaniliwi

**Motiv –** (frantsuzsha motif – “nama”, “ irg’aq” degendi bildiredi) ko’rkem shig’armanin’ syujetinin’ bir bo’lekshesi. Motiv termini ko’binese xaliq awizeki do’retiwshiligin u’yrengende, a’sirese d’astan ,ertek uqsag’an janrlarda qollaniladi. Misali, qaharmanliq da’stanlarda batirdin’ at tan’law motivi, batirdin’ o’z qalin’lig’in izlep ketiw motive, batirdin’ saparg’a shig’ar aldinda o’z xalqi, ata – anasi menen xoshlasiw motiv ha’m tag’i basqa.

( Axmetov S.,Esenov J., Ja’rimbetov Q. A’debiyattaniw atamalrinin’ orissha-qaraqalpaqsha tu’sindirme so’zligi. No’kis. “Bilim”, 1994. B. 139 )

Basqa da’stanlardag’i siyaqli “ Bozug’lan” da’staninda da bir qansha motivlerdin’ qollanilg’anlig’inin’ guwasi bolamiz. Olar to’mendegilerden ibarat:

1. Biyperzentlik motivi
2. Jol bolsin soraw
3. Batirdin’ at tan’lawi
4. Tu’s ko’riw motivi

Biz joqarida tallap atirg’an da’stanimizda bulardin’ barlig’i qollanilg’an ha’m olar da’stannin’ ko’rkemligin asiriw ushin xizmet etkenligin ko’remiz. Da’standa ayriqsha ko’zge taslanatug’in motivlerdin’ biri biyperzentlik motivi bolip tabiladi. Qaraqalpaq ha’m basqa tuwisqan xaliqlarindag’i derlik barliq da’stanlarinda biyperzentlik motivi qollaniladi. Olarda bay ya’ki xan perzentli bola almay, qartayg’an shag’inda qudaydan perzent soranadi. Misali, “Alpamis” da’staninda Baybo’ri menen Baysari, “Qoblan” da’staninda Qidirbay menen Bozkempirler bir tirnaqqa zar bolip, a’wliyelerde tu’nep ju’redi. “Bozug’lan” da’staninda da mine usinday. Bunda Babaxan patshanin’ jurtinda dawrig’i shiqqan bay Da’rwish bay biyperzent

boladi ha’m a’wliyelerdi gezip perzent tileydi. Bul da’standa bilay su’wretlenedi:

A’ne a’wliye qoymay tu’nedi, mashayiq qoymay jiladi. Hesh bir nishan bolmadi. Qaytip kiyatirsa aldinan bir shopan shiqti.

- A’y, bay ag’a, qaydan kiyatirsiz ?- dedi.

- - Bir perzenttin’ dag’i ushin a’wliyelerdi ziyaratlap kiyatirman, - dedi. – Hesh bir nishan bolmadi, - dedi.

- Bu’gin u’sh ku’nlikte menin’ qoyima topalan’ aralasti,-dedi shopan. – Sol ba’lent tawdin’ bawirinda bir shoq shen’gel bar edi, sonnan qoylarimdi aylandirip edim, qoylarim topalan’nan arildi. Sol shoq shen’geldi erli - zayipli ekkisi ziyarat etti. Tu’s ko’rdi. Tu’sinde:

- Bir ul, bir qiz berdim, - dedi. Ballarin’ jeti yashina kelgende janin’di alaman, - dedi. (213- bet)

Mine bul misalda bir emes, bir neshe motivlerdin’ qatar qollanilg’anlig’in ko’riwimizge boladi. Birinshiden, baydin’ perzent dag’inda ku’yip – janip atirg’anlig’in su’wretlegen bolsa, ekinshiden, jol bolsin soraw motivi de qatar qollanilg’an. Yag’niy, a’wliye aralap ju’rgen Da’rwish baydan aldinan shiqqan bir shopan g’arri jol soraydi. Olar basindag’i saawdani aytqan son’ tawda bir shoq shen’gel bar ekenligin aytadi. Soni barip ziyarat etiwdi ma’sla’ha’t beredi. U’shinshiden, usi misalda tu’s ko’riw motivi de qatar paydalanilg’an. Ziyarattan son’ Da’rwish bay u’yone kelip bir tu’s ko’redi. Tu’sinde og’an quday eki perzent beredi, biraq olar jeti jasina tolg’anda o’zinin’ janin aliwdi aytadi. Joqarida aytilg’an jol bolsin soraw motivi da’stannin’ bir neshe orinlarinda ushirasip otiradi. Misali, Bozug’lan on to’rt jasina kelgende qiya maydannan an’ awlap ju’rgende aldinan bir g’arri shig’adi. Bozug’lan onnan jol bolsin sorap bilay deydi:

- Hawa jawip,aydin ko’ller sel bolsin,

Quda berip az da’wletin’ mol bolsin,

A’rman bilen payu – piyada jol ju’rip,

Baba bayan a’yle, sag’an jol bolsin.

Birge da’hil bolip sa’lle oraysan’,

Qartayipsan’, ne mu’shkilge jaraysan’,

A’rman bilen payu – piyada jol ju’rip,

Ne jog’in’ bar ,baba , tawdan qaraysan’?

Biz atlandiq biyik qumnin’ sag’inda,

Bu’lbiller sayrasin ja’nnet bag’inda,

A’rman bilen payu – piyada jol ju’rip,

Ne izleysen’ a’yne o’ler shag’in’da?

( 214- 215- betler)

Da’standa ta’riyplengen bul baba Qizir Ilyas bolip, basqa da’stanlardag’iday batirdin’ jol ko’rsetiwshisi, ma’sla’hat beriwshisi sipatinda su’wretlenedi. Ol bilay beriledi:

- A’y balam, o’li emespen, tirimen, qiriq shiltennin’ birimen, Qizir Ilyas pirin’men, tariqqan jerde tayinman, -dep ko’zinen g’ayip boldi deydi baba. ( 215-bet)

Da'stannin' keyingi bo'limlerinde Aranay patshanin' Bozug'lan batirdan jol bolsin soraw epizodi berilgen. Bul jol soraw barliq da'stanlarda bar bolg'an ha'm da'stu'rli usil bolg'an qatarlar bolip tabiladi. Misali:

Ol – ol bolsin, ol bolsin,

Jol aylana qol bolsin,

Qudayim berse mol bolsin,

Qolinda bar aypolat,

Astin'da bar sari ala at,

Biydayiq sinli azamat,

Qulinim sag'an jol bolsin.

( 241 – bet)

Ha'r bir da'stanliq do'retpelerde belgili da'rejede waqiyalardin' rawajlaniw bag'darinda jumbaq tu'rindegi jasirin sipatqa iye tu's ko'riw motivi ushirasip otiradi. Solardan misalig'a Aranay patshanin' qizi Sholpanaydin' ka'nizekleri menen Bozug'lan eline kelmesten aldin ko'rgen tu'si usi taqilette. Ma'selen:

A'ne, Sholpanay qiriq ka'nizleri menen otirip tu's ko'rdi. Tu'sinin' ta'birin aytti:

-Ka'nizler, ka'nizler,

Ka'nizler berman kelin'ler,

Bu'gin jatip tu's ko'rdim,

A'jepta'wir is ko'rdim,

Jatir edim uyqilap,

Qapa pa’rli qara qus,

Ga’rqildap keldi qasima,

Bul qasima qonad,

Nesiyben’ da’wden boldi dep,

Elatim shuwlap jiladi,

Ja’ne bir uyqilap ketkende,

Qubladan keldi aq sun’qar,

Jaratqan bolg’ay ma’datkar,

Bul basima qonadi,

Shog’i kishi bolsa da,

Bul kewlime unadi.

Yaratqan bizge panadi.

( 239 – bet )

Mine bul tu’s jumbaqli usildag’i tu’s bolip,onin’ juwabin Sholpanaydin’ aqilli ka;nizlerinen biri jorip beredi. Tu’s da’stan qurilisinda waqiyalardi rawajlandiriw xizmetin atqaradi. “Ertek ha’m da’stanlarda tu’s ko’riw motivi a’ytewir bir o’tkinshi ha’m ma’nissiz halat emes, insane ruwhiyatinin’ bir bo’legi, insane ishki du’nyasinin’ timsali sipatinda ko’zge tu’sedi”, - dep jazadi Q. Maqsetov.

( Maqsetov. Q. Qaraqalpaq xalqinin’ ko’rkem awizeki do’retpeleri. No’kis. 1992. B. 58 )

Bunin’ ayqin da’lili sipatinda joqarida keltirilgen Sholpanaydin’ ya bolmasa, qarindasi Qarlig’ashayimnin’ ko’rgen tu’slerin atap o’tsek boladi. A’dette da’stanlarda tu’sler joriwdi talap etpeytug’in u’lgide de, joriliwi

za'ru'r jumbaq tipinde de ushirasip otiradi. Joqarida Sholpanay ko'rgen tu's joriwdi talap etetug'in jumbaq tu's esaplanadi. Al, Qarlig'ashayimnin' ha'm Da'rwish baydin' ko'rgen tu'sleri bolsa olar qatarina jatpaydi. Ol g'ayri - ta'biyiy halatta sa'wlelenedi. Ol aldin ala ku'tilgen waqiyalardin' ju'z beriwine alip keledi. Da'stanlarda tu's ko'riw motivi waqiyani rawajlandiriw, bir syujet penen ekinshi bir syujetti baylanistiriw ushin xizmet qiladi.

# II bap. "Bozug'lan" da'staninin' obrazlar du'nyasina sipatlama

"Bozug'lan" batirliqti, ma'rtlikti, el – xaliqqa sadiqliqti, dosliq penen muhabbatti jirlawshi o'tken a'sirlerdegi xalqimiz turmisinan , salt – da'stu'rlerinen derek beriwshi shig'arma bolip tabiladi. Da'stanlar a'wladdan – a'wladqa o'tip kiyatirg'an bay ma'deniy miyraslar sipatinda saqlanip kelinbekte. Olarda qatnasiwshi qaharmanlardin' derlik barlig'i qiyaliy toqima ja'rdeminde jaratilg'an obrazlar bolip, olar ha'dden ziyat g'ayri ta'biyiy ku'shke iye bolip keledi. Ko'rkem a'debiyatlarda obrazlardi sha'rtli tu'rde unamli ha'm unamsiz obrazlar dep bo'liw qa'liplesken. Barliq da'stanlarda unamli da, unamsiz tiptegi qaharmanlar da orin alg'an. "Bozug'lan" da'staninda en' basli geroy - Bozug'lan bolip tabiladi. Ol o'zinde barliq unamli qa'siyetti ja'mlegen obraz sipatinda su'wretlenedi. Batir jen'ilmes ku'shke iye, sonin' menen qatar el – xalqin oylawshi patriot sipatinda da ta'riyplenedi. Misali:

Atlar shapqan ba'lent dag'din' pa'stine,

Qayil qalin' xaliq etken ishine,
Dag'lar gu'mbirlesip, jer saza berdi,
Dag' ishinde bir bedewdin',
Tag'larda doynaq urg'an sestine,
Sol shan' shiqti,
Shan'nin' astina qarasa,
Bir jigit ko'rindi,
Ru'stem simbatli,
Ko'zler tutip tursa qaysar Bozug'lan,
Shan' tiyinen,
Keldi jekke boz atli.

Mine bul jerde Bozug'lan basqa da'stanlardag'i siyaqli Ru'stem batirg'a , qaytpasqara, ku'shli etip su'wretlenedi. Bolajaq batir tuwilip on to'rt jasina shiqqannan keyin o'zine ilayiqli at penen jaw – jrag'in tawip aldi, onnan keyin o'zine miyasa qalin'liq izleydi. Bir qansha qiyinshiliqlardi jen'ip, o'zinin' ashiq yarin siyqirdan qutqaradi ha'm olar birgelikte murat – maqsetine jeteedi. Usinday kompozitsiyaliq elementler “Alpamis”,” Qiriq qiz”, “Ma'spatsha”, “Qoblan” da'stanlari ushin uliwmliq traditsiyali elementler bolip tabiladi. Bozug'lan bir neshe ma'rte sawashqa tu'sedi ha'm ba'rinde de jen'iske erisedi. Bunda og'an Qizir Ilyas babasi, pirleri ko'mek beredi. Bas qaharmannin' barliq atlanislarinda onin' qolqanati ha'm su'yenishi ,a'lbette, at bolip tabiladi. Qaharmanliq da'stanlarda traditsiyali usil sipatinda qa'liplesken batirdin' o'zine at tan'lawi bul da'standa da ko'rinedi. Bozug'lan a'kesinen miyras qalg'an g'unan tayin er jetkenshe hesh kimge bermesten asirap saqlaydi. Batirdin' miner ati da o'z gezeginde shapqir, so'zge tu'sinetug'in, batirdin' sirlasi sipatinda ta'riyplenedi:

Batir mingen sari ala at,
Hawlig'ip jaydi qos qanat,
Hawliqqani bedewdin',
Ter qistawi boladi,

Qulaqqa terler aladi,

Quyrig’in sirtqa saladi,

G’ayi,g’ayi,g’ayi tawlarg’a,

Ga’rg’aday g’ayip qonadi,

Ha’ degende ja’niwar,

Mezgillik jollar aladi,

Ba’lent tawg’a shiqqanda,

Tashlap ko’zler qaradi,

Ko’rin’ bedewdin’ shabisin,

Jetip allag’a nalisin,

A’yne sa’ske bolg’anda.

Batirdin’ ati ha’r shapqanda tuyag’inan ot shaqnaytug’in, jarislarda birinshilikti qoldan bermeytug’in tulpar sipatinda maqtaladi.

Qiz portretin beriw qaysi da’stan bolmasin belgili d’arejede ko’rkemlik su’wretlewi, onin’ xaliq ten’ewleri menen ko’zin, qasin, ju’zin, murnin ha’m tag’i basqasin beriw da’stu’rli formag’a aylang’an. Bul da’standa batirdin’ qarindasi Qarlig’ashayim usi taqilette alip su’wretlengenligin ko’remiz:

Ba’ha’r ku’ni bag’din’ gu’lin tergenbiz,

Qusti tappay neshe ku’n izlep ju’rgenbiz,

Biz sho’llerde ta’a’jip otaw ko’rgenbiz.

Kitaptan ma’ni eken aytqan so’zleri,

Aq qag’azdan ba’lki pa’ren’ ju’zleri,

Sol qizdi ko'rgende tamasha etesen',

Totig'a megzegen tamasha ko'zleri.

Alma,a'nar qaysi bag'da ekilmish,

Tilla ka'kili bar har yan to'kilmish,

Kirpigi qanjarday bolip shekilmish.

(218 – bet)

Mine joqarida keltirilgen bul u'zindide qizdin' suliw ko'rinisi, kelbeti, a'depliligi, parasatlilig'i ha'r tu'rli epitetlik, ten'ew, giperbolaliq su'wretlew usillarinan paydalanilg'an halda sa'wlelendirilgen. A'dette, barliq da'stanlarda qizlardin' qaslari kamang'a, ju'zleri ay, kirpikleri nayzag'a, ju'risleri tirnag'a ha'm basqa na'rselerge ten'eledi. "Bozug'lan" da'staninda ayirim belgiler bar bolg'ani menen o'zine ta'n uqsamag'an ta'repler de ushirasadi. Ma'selen, basqa da'stanlarg'a uqsamag'an qizdin' ko'zin totig'a megzetiw, ju'zin aq qag'azg'a ten'ew da'stannin' jeke o'zinshelik sipati bolip tabiladi.

Al, batirdin' aldinan joliqqan qiyametlik jorasi Ersultan obrazi ko'birek "Alpamis" da'stanindag'i Qarajandi eske tu'siredi. Ol da'standa bilay ta'riyplenedi:

Ma'rt Bozug'lan er edi,

Boz atlini uzaqqtan sinap ko'redi,

Qarsi aldinan sinaydi,

Qaplap erge megzeydi,

Tuw sirtinan sinaydi,

Tuwg'an erge megzeydi,

Qarsi aldinan qarasa,

Qas batirdin' susi bar,

On' iyninen sinasa,

Qiriq palwannin’ ku’shi bar,

Jaw – jaraqqa qarasa,

Ispaxanli sari jay,

Sadaqtin’ ag’zi shapshaqtay,

Almastan keskir pishaqtay,

Jawirinlari qaqpaqtay,

Kekili bar toqpaqtay,

Qas penen ko’zdin’ arasi,

Jaman qarda mergenler,

Jarip salg’an toqpaqtay.

(224- bet)

Bul jerde Ersultan ku’ta’ batir, ha’r jawirininda ,belinde qiriq jigittin’ tawsilmas ku’shi bar etip su’wretlenedi.

## 2.1. Qaharmanlar portretin jaratiwda ko’rkem su’wretlew qurallarinin’ roli

Da’stanlarda qaharmanlardin’ portretin jaratiwda ham olardin’ ma’rtligin, go’zzallig’in su’wretlewde ko’rkem su’wretlew qurallari sheber qollaniladi. A’sirese, batirdin’ sawash maydanindag’i gu’resin, qizdin’ suliwlig’in ta’riyplewde jirawlar giperbolaliq usildi ko’birek qollaniladi.

Ko’rkem su’wretlew qurallarinin’ ha’mmesi eki qwaziypani atqaradi:

1. Ko’rkem shig’armada sa’wlelendirilgen ideyani, usi ideyani tasiwshi obrazlardi janli ha’m ta’sirshen’ su’wretleydi. Bul onin’ mazmunliq waziypasi.

2. Qatarlar,ba’ytler,ba’ntlerdin’ muzikaliligin, ko’rkemliligin, ra’n’ba’ren’ligin arttiriwg’a xizmet qiladi. Bul formaliq waziypa.

Ko’rkem su’wretlew qurallarina metafora, metonimiya, epitet, ten’ew, giperbola, janlandiriw,litota,antiteza, anafora ha’m basqa.

**Metafora** - (grekshe metaphora - **awistiriw**,**o’zgertiw**,meta - **qaytadan**,phora – **ko’shiremen** ) ko’rkem su’wretlew qurallarinin’ biri bolip, zatlardi bir- birine megzetiwge tiykarlang’an awispali su’wretlewdin’ tu’ri. Metafora ten’ewdey etip zatlardi salistirmaydi, al uqsatadi, megzetedi. “Bozug’lan” da’staninda metaforalardin’ to’mendegishe tu’rleri qollaniladi:

**Ga’wharimsan**’ sensen’ ko’zde qararim,

Sennen joqdur o’zge haldan sorarim,

Atasi o’lgen,kabasi o’lgen jetimnin’,

Ag’ayini, tuwisqani bolmayma eken shirag’im.

Kemlik bilan siya – shashim o’reyin,

**Haqtin**’ salg’an **sawdasina** ko’neyin,

Malin’di alg’an,basin’di alar jan ag’a,

Basqa jurtqa barip ma’kan a’yleyin.

Joqarida keltirilgen misalda “ ga’wharimsan’”, “haq sawdasi” so’zleri metaforaliq xizmetti atqarip tur. Birinshi misalda qaharman ga’wharg’a megzetilse,ekinshi misalda haq sawdasi uliwma xaliqliq metafora xizmetinde kelgen. Bunna basqa da da’standa qizdi, batirdi ta’riyplewde metaforalardan to’mendegidey bir qansha tu’rlerin ushiratamiz:

- Ashilmag’an ba’ha’r bag’da **lalaman**,

Bir **sun’qarim** uship ketti qalamnan …

Qazan urip **o’mirim gu’li** solg’andi,

Haqtan tilep edim qabil bolmadi…

- Pitkergen tilladan **zerli saz edim**,

Ayttirg’anda men bermegen **naz edim**…

( 239-bet )

Mine bul misallarda da bir neshe metaforalar qaharmanlardin’ portretin, batirlig’in ko’rsetiw ushin sheber qollanilg’an. Birinshi misalda Qarlig’ashayim o’zin bag’da o’sken lalag’a megzetse, a’jag’asin sun’qarg’a, al Sholpanay bolsa o’zin tilla sazg’a megzetedi. U’shinshi misalda eki su’wretlew qurali da qatara kelgen. Yag’niy , epitetli metafora usili qollanilg’an. Bul jerde Sholpanay basina tu’sken sawdalardi bir – bir bayan a’ylep, onnan qutiliwdi oylaydi,degen menen, ol siyqirlanip qalg’an bolip ha’r qiyli haywanlar ko’rinisinde awillardi aralap ju’redi. Bunday misallardi da’standa ko’plep ushiratiwimizg’a boladi. Bunnan basqa da’standa ten’ewlerdin’ de ha’r qiyli u’lgileri qollanilg’an.

**Ten’ew –** ( arabsha - “ uqsatiw”) belgili bir predmet, ha’diyseni aniq su’wretlew ushin oni basqa tanis bolg’an predmet, ha’diyselerge salistiriw bolip tabiladi. Ten’ewler **-day/-dey, -larsha/-lershe,uqsas, siyaqli, kibi, misali, yan’li** siyaqli qosimtalar,leksikaliq birlikler arqali jasaladi. “Bozug’lan” da’staninda bulardan to’mendegi tu’rlerin ushiratiwimizg’a boladi. Misali:

Ko’ldi jag’alap ketip baratir edi, ko’ldin’ la’binde, sho’ldin’ tiyinde o’zi ariqlaw, qarni **suwqabaqtay** bir taydi uslap aldi.

Mine bul misalda keltirilgen “suwqabaqtay” so’zi ten’ewdin’ nag’iz bir ko’rinisi bolip tabiladi. Bunda Bozug’lannin’ tayinin’ sirtqi ko’rinisi, ariq ekenligi suwqabaqqa ten’eledi. Bunnan basqa -day/dey varianttag’i jasalg’an ten’ewlerdi de ko’riwimizge boladi. Misali:

1. A’ne, jetti jilda bala on to’rt yashina keldi, **narday** ku’shine toldi. (214-bet)

2. To’besi **quwday** ag’arg’an, ko’zi **qurday** qizarg’an,turip – jig’ilip tasqa su’ringen,tawg’a o’rmelep baratirg’an bir g’arri babani ko’rdi deydi. ( 214-bet )

3. **Ayg’ir kibi** shaynasti,

   **Buwra kibi** g’ayzasti,

   Ekewinin’ ku’shine ,

   Atlar shidam bere almay,

   Atlardin’ beli qayisti.

4. Kiygen sawit jetken qara tizime,

   Haq sa’nesin bergen **aydek** ju’zime.

Mine bul misallarda ten’ewlerdin’ ha’r qiyli usillarda jasalg’an tu’rleri qollanilg’anlig’inin’ ko’remiz. Birinshi misalda Bozug’lannin’ er jetip, nag’iz ku’shke tolg’an waqtin narg’a uqsatadi. Ekinshi misalda Bozug’lan menen da’w ekewinin’ ayqasin ayg’irlardin’ ,buwralardin’ julisiwina megzetedi. To’rtinshi misalda bolsa - day qosimtasinin’ - dek varianti qollanilg’an.

Bundag'i ten'ew ha'm metaforalardin' o'zi de xaliq tilinin' sheber baylig'i tiykarinda ko'rkem obrazliliq da'rejesinde su'wretlenedi.

**Epitet – (** grekshe epitophios – **aniqlaw )** zat ha'm qubilislardin' sapasin, sipatin ayqinlastiriw ushin aling'an sipatlawshi so'z. Epitet ko'rkem su'wretlewdin' en' jiyi qollanilatug'in tu'ri, ol arqali jaziwshi - shayirlar qaharmannin' yamasa qubilistin' en' birden ko'zge tu'serlik ayqin belgisin atap ko'rsetedi,solay etip oni ko'zge ayqiniraq etip elesletedi. " Bozug'lan" da'staninda epitetlerdin' to'mendegishe tu'rlerin ushiratamiz:

1. Kemlik penen jayday beller bu'gildi,

Jilaydi **qanli yash** ko'zden to'gildi…

( 232 –bet )

2. Ba'ha'r ku'ni saylap bag'dan gu'l terdi,

Yig'lamaqtan **aqsha ju'zi** sarg'aydi…

( 233 – bet )

3. Bo'tekeden belliklep,

**Altin erdi** saladi… ( 235 – bet)

Joqarida keltirilgen misallardag'i **aqsha ju'z**, **qanli yash, altin er** epitetleri da'stannin' ta'sirshen'ligin asirip turg'an bolsa, sonin' menen qatar qaharmanlardin' halatlarin beriw waziypasin da atqarip kelgen.

Bunday epitetlerdi misal retinde ko'plep keltiriwimizge boladi. Da'stanlarda ha'r bir obiekt sipatinda aling'an na'rselerdin' barlig' da belgili su'wretlew usili ja'rdeminde ta'riypleniwi de da'stu'rge aylanip qalg'an jag'day bolip tabiladi. Ma'selen, batirdin' miner atin, sawitin, qilishi siyaqli predmetlerin su'wretlewde epitet usili ju'da' qol keledi. Bug'an da'stannan bir missal keltirip o'teyik :

Taqti jayg'a girishti,

Alla on'g'arsin ha'r ishti,

Qinabinan suwirdi,

Bala **almas qilishti.**

**( 242 - bet )**

Mine, bul misalda batirdin' jaw – jarag'i bolg'an qilishi almastan o'tkir ekenligi bayan etilgen. Epitetler ko'binese kelbetlik so'z shaqabinan jasaladi.

**Metonimiya** – ( grekshe metha – " **qaytadan**, nimios - " **ataw, qaytadan ataw**) so'zlerdin' awispali ma'nisine tiykarlang'an su'wretlew usili. Metonimiyada su'wretlenip atirg'an zat yamasa waqiya basqa at penen su'wretlenedi. Metonimiya ko'rkem shig'armalarda, da'stanlarda ko'p qollanilip, pikirdi awispali ma'nide astarlap beredi. " Bozug'lan" da'staninda to'mendegishe metonimiyalardin' tu'rlerin ushiratamiz. Misali:

1. – Moynina **qarani** ildirin**',** qalani u'sh ma'rtebe aylandirip urin', " ha'r kim amanat qiz qiz sqlag'an qiyanet qilg'ay sazay - sazay" dep ayttira berin', o'lgenshe ura berin', -dedi.

( 234 – bet )

2. A'rman menen basqa sa'll bayladi,

To'men qarap iyshan sumliq oyladi,

" **Amanatin'** o'ldi,ininm Bozug'lan" dep,

Qol ko'terip haqqina duw a'yledi.

( 233 – bet )

Bul misallardag'i qollanilg'an metonimiyalar tuwra ma'nisinde emes, al astarli mazmunda kelgen. Birinshi misalda "qara" ren'di bildiriw ushin emes, al " Ba'le, ayip" degen ma'nisti an'latsa, ekinshi misalda " amanat"

“qiz” degen so’zdin’ ekinshi bir atamasi bolip tabiladi. Yag’niy, bul jerde Qarlig’ashayimdi molla “amanat” dep ekinshi bir atama menen aytip tur.

Da’stan quraminda bunnan basqa da xaliq naqil – maqallarinin’ da bir neshe u’lgileri ushirasadi. Naqillar so’zdi jiynaqli , suliw ha’m qisqa beriw ushin qollanilatug’in ko’rkem usillardin’ biri bolip tabiladi. Burinnan ata – babalarimiz o’z so’zin naqil – maqallarsiz aytpaytug’in bolg’an. Sebebe, naqillardi qollaniw arqali qaharmannin’ sipatli belgilerin su’wretlep beriw de mu’mkin. Misali:

1. Iyshan bul qizdi alsa, semiz qoylarrdi soysa, qarnimiz toysa, “ **jarlinin’ bir toyg’ani, shala bayig’ani”** ha’m jaqin jerden tamasha ko’rsek, iyshang’a ala g’oy desek, - dep juwmaqqa keldi.

2. B ozug’lannin’ jen’geleri aytti: - Bizin’ Bozug’lannin’ alip kelgen qizi on’li emes g’oy,ko’zleri duzday, murni bizdey, jurt aqtarip lag’an qizi ma, “ **jigit ko’zi menen qiz alma”** degen, - dedi.

(243 -bet)

3. B izler sonshama ku’ldiremiz desek te ku’lmeytug’in edin’, bu’gin o’zin’nen - o’zin’ ku’ldin’**, jilag’andi sorma, ku’lgendi sor** degen, o’zin’nen- o’zin’ ne sebep ku’ldin’? – dedi. ( 240 – bet)

Mine bul misallarda naqillardin’ en’ jaqsi u’lgileri qollanilg’an. Naqil tuwra ma’niste jumsalip, tiykarinan adamlardi ta’rbiyalaw xizmetin atqaradi.

Ko’rkem su’wretlew qurallarina bunnan basqa da anaforalar da kiredi.

**Anafora – (** grekshe anaphora – **joqari ko’teriw )** bir yamasa bir neshe selerdin’ qosiq qatarlarinin’ basinda qaytalanip keliwi. Anafora qosiqtin’ emotsionallig’in ta’miynlew ushin qollanilatug’in usil. Da’standa anaforalardin’ to’mendegishe tu’rleeri ushirasadi. Misali:

**Ga'** atina mindirdi,

**Ga'** aldina keltirdi,

**Ga'** awdarip ol salsa,

**Ga'** awdarip bul aldi.

**Ga'hi** sho'lde ma'skani,

**Ga'hi** ko'lde ma'skani.

( 226- bet)

Anaforalar tek so'zlerdin' qaytalaniwin ta'miynlep qoymastan, pikirdin' o'tkirliligin ta'miynlew ushin da jumsaladi. Joqarida keltirilgen misalda anaforalar usi xizmette kegen. Birinshi misalda Bozug'lannin' Bulit da'w menen bolg'an ayqas ko'rinisi bolip, onda eki batir birin - birin jen'iw ushin ku'sh salisip atirg'anlig'in usilay su'wretlegen.

Juwmaqlap aytqanda, su'wretlew qurallari da'standa ko'rkemlilikti asiriw ushin xizmet etedi.

# Juwmaq

"Bozug'lan" da'stann janrliq qa'siyeti ha'm ko'rkem kompozitsiyaliq qurilisin u'yrenip shig'iw arqali to'mendegishe juwmaqlarg'a keliwge boladi:

1. " Bozug'alan" da'stani qaraqalpaq a'debiyatinda qaharmanliq, ashiqliq, Watan su'yiwshilik qa'siyetlerin o'zinde ja'mlegen da'stan sipatinda ju'zege kelgen ha'm xaliq ishinde bir qansha variantlari tarqalg'a.

2. Da'stannin' Qayipnazar jiraw Qa'limbetov variant ilimpazlar Qabil Maqsetov, Qalbay Ma'mbetnazarovlar ta'repinen 1960 - jillari jazip aling'an bolip, bul en' jaqsi variant bolip tabiladi.

3. Da’stannin’ ko’rkem kompozitsiyasi, bayanlaniw tili ha’m qurilisi boyinsha “ Alpamis”, “ Qoblan” da’stanlarina jaqin ekenligi ma’lim boldi.

4. Da’stan qara so’z aralas qosiq qatarlarinda kelip, 11-12 buwinnan ibarat.

5. Da’stannin’ syujeti, ishki qurilisin izertlep qarag’animizda ko’rkem su’wretlew qurallarinan ten’ewler, metaforalar, epitetler ko’birek qollanilg’anlig’i aniqlandi.

6. Da’stan kompozitsiyasinda eki syujetlik liniya: Bozug’lannin’ o’z elin dushpanlardan qorg’aw ha’m o’zine mu’na’sip bolg’an qalin’lig’in izlew waqiyalari orin alg’an.

7. Da’standa barliq da’stanlarg’a ta’n bolg’an motivler : biyperzentlik, jol bolsin soraw, tu’s ko’riw, batirdin’ o’zine at tan’law motivleri qollanilg’an.

8. Sonday-aq, da’stanlar ushin uliwma xarakterli bolg’an qosiq qatarlari : “ hawa jawsin, aydin ko’ller ho’l bolsin,jildan – jilg’a kem da’wletin’ mol bolsin”, “ol – ol bolsin, ol bolsin, jol aylana qol bolsin”, “Telegen arba ju’rmestey, tergewlimedi elin’iz, g’odalaq arba ju’rmestey, tomarlimedi jerin’iz?” siyaqli qatarlar jiyi ushirasadi.

Bu’gingi folkloristika iliminde da’stanlardi, sonin’ ishinde “ Bozug’lan” da’staninin’ variantlari, jiynaliwi, baspadan shig’iwi, atqarg’an jirawlari ha’m kompozitsiyaliq qurilisin , basqa da’stanlar menen tipologiyaliq uqsaslig’in u’yrenip shig’iw a’hmiyetli ma’selelerden biri bolip esaplanadi.

# Paydalanilg’an a’debiyatlar


1. Ayimbetov Q. Xaliq danalig’i. No’kis. “Qaraqalpaqstan” , 1986
2. Allambergenov K. Qaraqalpaq xaliq da’stani “ Edige”. No’kis. “Bilim”, 1995
3. Allambergenova P., Maqsetova F. “ Sayatxan - Ha’mre” da’stanindag’i a’psanawiy obrazlar. // Ha’zirgi filologiya iliminin’ a’hmiyetli ma’seleleri. No’kis. 2013
4. Eshniyazov J. Qaraqalpaq qaharmanliq da’stani. “Alpamis” . No’kis. “Bilim”, 1994
5. Qaraqalpaq folklori. XIV – XXVI tomlar. No’kis. “ Ilim”, 2010
6. Maqsetov Q. Qaraqalpaq qaharmanliq da’stanlarinin’ poetikasi. No’kis. “ Qaraqalpaqstan”, 1965
7. Maqsetov Q. Da’stanlar. Jirawlar. Baqsilar. No’kis. “Qaraqalpaqstan”, 1992
8. Maqsetov Q. Qaraqalpaq xalqinin’ ko’rkem awizeki do’retpeleri. No’kis. “Bilim”, 1996
9. Sagitov I. Qaraqalpaq qaharmanliq eposi. No’kis. “Qaraqalpaqstan ”, 1963